

**PANGARUH MODEL COOPERATIVE LEARNING
DIBANTUAN KU MEDIA BAAMBOOZLE PIKEUN
NINGKATKEUN KAMAMPUH NULIS KARANGAN
NARASI PESERTA DIDIK
(Panalungtikan Kuasi Eksperimen Kelas IV SDN Arjasari 01)**

**ku
SELMA DITA
215060019**

RINGKESAN

Panalungtikan ieu dilatarankeun ku handapna kamampuh nulis karangan narasi murid kelas IV SDN Arjasari 01. Tujuan panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho pangaruh modél Cooperative Learning tipe Picture and Picture anu dibantuan ku média Baamboozle kana kamampuh nulis narasi murid. Méthode anu digunakeun nyaéta kuasi-ékspérimén kalayan analisis data ku cara déskriptif kuantitatif. Sampelna nyaéta diwangun ku 37 murid di kelas IV A salaku kelas ékspérimén sareng kelas IV B anu diwangun ku 37 murid salaku kelas kontrol. Hasil panalungtikan nunjukkeun yén proses palatihan boh di kelas ékspérimén atawa di kelas kontrol lumangsung lancar. Ieu kabuktian tina ayana béda sareng kanaékan hasil pretest sareng posttest. Di kelas ékspérimén, nilai rata-rata pretest nyaéta 56,89 ningkat janten 80,95 dina posttest. Sedengkeun di kelas kontrol nilai rata-rata pretest 49,86 sareng posttest 64,46. Hasil uji N-Gain nuduhkeun kanaékan 53,76% kanggo kelas ékspérimén sareng 26,70% kanggo kelas kontrol. Hasil effect size ngahasilkeun angka 1,025 anu kaasup kana kategori pangaruh gedé. Ku kituna, tiasa disimpulkeun yén model Cooperative Learning tipe Picture and Picture dibarengan ku média Baamboozle tiasa ningkatkeun kamampuh nulis karangan narasi murid sacara signifikan.

Kecap Pamageuh: *Nulis Karangan Narasi, Cooperative Learning tipe Picture and Picture, Baamboozle, Murid Sakola Dasar.*